*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№34-36
( 9484-9486)

2013 соналъул
*9 Май*

*ХАМИЗ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

**Районалъул бетIерасул барки!**



КIудияб ВатIанияб рагъ букIана дунялалъул таварихалда жаниб бищунго цIикIкIун гIадамаз гIахьаллъи гьабурабги, бищунго цIикIкIун би гIодобе тIурабги. Амма рагъул байбихьудаго «ТIаде бахъа кIудияб улка!» абураб ахIиялда гъоркь тушманасдасан рецIел босизе тIаде бахъана тIолабго Советхалкъ. Улкаялъул миллионал васал ва ясал ана жидеего бокьун фронталде ва гьениб бихьизабуна унго-унгояб бахIарчилъи ва патриотизм.

Фронт яргъилги, кванилги ва цогидалги сурсатаздалъун хьезабиялъе гIоло рухIалда барахщичIого хIалтIулел рукIана тылалдаги. Гьелъул ва гIакъилаб рагъулаб нухмалъиялъул хIасилалда нилъеда кIвана тушманасде данде чIчIезе, гьесдасан нилъерго хIурматияб ракь эгуребги, Европаялъул киналго пачалихъал эркен гьаризеги .

Гьеб Бергьенлъиялъе гIоло ккарал камиял чIахIиял руго. Гьеб хьинтIичIеб рукъ-хъизам нилъер районалдаги батизе гьечIо.

Районалъул тIолалго гIадамаздаги районалъул ракьалда ругел аскарияздаги баркула Бергьенлъиялъул Къо! Гьарула рохалилаб, гьарзаяб ва гIаданлъиялъулаб гIумру, вацлъи ва гьудуллъи!

<u>**М. ПАТХIУЛАЕВ**</u>




**Халкъияв депутатасул барки!**



ХIурматиял районалъул избирателал ва хириял гIун рачIунел гIелал!

Кидаго гIадин, жакъаги воххарав вуго дун нилъее киназего бищун хирияб ва бищун хIурматияб къо-9 Май баркизе рес щвеялдасан.

1941 соналда,божуда рекIкIги гьабун ,СССРалде тIаде кIанцIиялдалъун багъарун букIараб КIудияб ВатIанияб рагъда, тушманасдасан гIагараб ракь эркен гьабулаго, БагIараб Армиялъ бихьизабураб г1адаб гьунар дунялалъул тарихалда жаниб цониги халкъалъ бихьизабич1о.

Нилъер армиялъ эркен гьарурал цогидал улкабазул халкъазул гIелаз бетIер къулулеб буго К1удияб Бергьенлъиялъе.

Гьеле, гьеб Бергьенлъиялъул Къо баркулаго,дица нужее киназего гьарула щулияб сахлъиги, талихIаб гIумруги ва рагъулал балагьаздасан цIуниги.

Дун кидаго хIадурав вуго нужее хьулухъ гьабизе.

<u>**М. ИБРАГЬИМОВ**</u>

1941 **Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо!** 1945




# КIУДИЯЙ ЭБЕЛ-ДИР ЧIУХIИ ВА МИСАЛ



Дица зама-заманалда цIалула дир инсул эбел ПатIимат МикагIиловалъ нижер Болъихъ росдалги районалъулгоги комсомоласдегун гIолилал васасде ва ясасде КIудияб ВатIанияб рагъдаса 1944 соналъ битIун бачIараб кагъатги, комсомолазул собраниялда гьеб гьоркьоб лъедал гьабураб хIукмуги бахъараб районалъул газета. Гьеб, заманалъ тIогьиллъараб, газета дида батана кIудияй эбелалъул кагътазда гьоркьоб.

Гьелъ хъвалеб буго :

**«Нилъер БагIараб Армиялъ бахIарчияб къагIидаялдахвалилаб къаби щвезабулеб буго рокьукъав тушманасде, гьезул боял щущахъ риххизарияалдалъун гьесдасан рецIел босулеб буго щивав советияв рагъухъанас-солдатасги, офицерасги ва полководцасги. КIванагIан хекко тушманасдасан нилъер хIурматияб ракь бацIцIад гьабизе гIоло багъулаго нилъер армиялъ бихьизабулеб буго инсаниятлъул историялда рагIинчIеб гIадаб бахIарчилъиги гьунарги. Нижбожарал руго тушманасул ахириселги хутIелал жидерго рукIнир чIинтIизаризе рукIиналда.**

**Дир хириял комсомолалватIолалго гIолилал, нижер гьаб къеркьеялъе кумек гьабулел захIматалъулал церехъабилъун рукIа нужги»**-йилан.

Кагътида аскIобго гьеб газеталда бахъун бугоан гьеб кагъат гьоркьоб лъураб комсомолазулгун гIолилазул собраниялъул хIукмуги.

**«Ниж гьедулел руго тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло гIагараб армиялъе бажарараб кумек гьабизе, гьелъие гIоло рухIалда барахщичIого хIалтIизе-хурухъанлъиялдагун гIи-боцIухъанлъиялда ва цогидалъурги»**,- ян хъван буго гьеб хIукмуялда.

КIудияй эбелалъ дида бицана районалдасан жиндихъе фронталде битIун бачIараб гьеб газета жидерго полкалда цIалидал, киназулго букIараб рохелалъул ва гьелъ жидер щивасулъ цIияб къуват, таваккал бижинабиялъул хIакъалъулъ…

ПатIимат МикагIиловалъул букIун буго захIматаб лъимерлъи. ГьитIинго хун йиго эбел, хадувго хун вуго эменги. ГIагарлъиялъ Буйнакскиялъул «МагIарулай» абураб школа-интернаталде щвезайидал, гьелъул букIун буго 5 сон. 8 класс лъугIун хадуб цIализе йитIун йиго ФЗУялде. Гьениб телебухьеналъул махщел щварай гьей йитIун йиго гIагараб районалда телеграфисткалъун хIалтIизе. МустахIикълъун йиго комсомолалде йосизеги…

Гьоркьоб гIемер заманго инчIого, байбихьун буго КIудияб ВатIанияб рагъ. Цогидаздаго гIадин гьелдаги рагIунеб букIинарищха ВатIаналде тIаде бачIун бугеб захIматаб къоялъул хIакъалъулъ бицунеб. Гьединго рагIун буго рокьукъав тушманасдасан гIагараб ракь эркен гьабизе гIоло фронталде гIолохъаби гурелги ясалги ритIулел ругин.

«Дир махщел буго фронталда чара гьечIого хIажалъулеб. Гьединлъидал дунги ине ккола тIокIалъ нахъе бахъичIого рагъде»,- ян пикру бачIарай гьей гьеб параялъго уна военкоматалде. Ясал фронталде ритIулел гьечIилан, гьелъие инкар гьабула гьение йитIизе. Гьей уна Буйнакскиялъул военкоматалде. Гьениб къабул гьабула ПатIиматил гIарза.

Амма битIахъего фронталде гурей, 17 сон барай ПатIимат йитIула мединструкторазул курсазде. Гьел лъугIиндал хIалтIула госпиталалда. 18 сон барай гьей гьенисан ккола Моздокалъул Ишарская станциялда чIун букIараб рагъулаб бухьеналъул 76 абилеб полкалъул телеграфисткалъун.

Дир кIудияй эбелалъул гьенисан байбихьараб рагъулаб нух, халат бахъана Европаялъул пачалихъазде щвезегIан. Гьелъ бахIарчияб гIахьаллъи гьабуна фашистаздасан гIагараб ВатIан гуребги Польша, Чехословакия ва цогидалги улкаби эркен гьариялдаги….

П. МикагIиловалъул рагъулаб нухалъулги, гьелъул бахIарчилъиялъулги бицине газеталда бакI гIолареблъи дида лъала. Лъималги рукъалде руссинарун, цо эркенаб заманалда, Аллагьас хъван батани, гьеб кинабгоялъул хIакъалъулъ тIехь хъвазе пикру буго дир.

ВатIаналъул рикIкIен гIемерал рагъулал шапакъатазги бицунеб буго гьелъул бахIарчилъиялъулги, гьунаралъулги ва ВатIаналдехун букIараб гIорхъи гьечIеб рокьиялъулги. Фашистияб Германиялда тIад Советхалкъалъ ва гьелъул БагIараб Армиялъ 1945 соналъул 9 маялда кIудияб, жинда релълъараб цойги гьечIеб Бергьенлъи босидал рокьое ячIарай гьелъул керен берцин гьабун букIана «БагIараб цIва» орденалъги «БахIарчилъиялъе гIоло» ва цогидалги гIемерал медалазги.

Гьединабго хIаракатчилъиялдаги, намусалдаги, гIаданлъиялдаги тIобитIана дир кIудияй эбелалъ ракълилаб гIумруги. Дагъистаналъул тIалъиялда батIи-батIиял жавабиял хIалтIаби божизаруна гьелда. Кибго гIодобе ккезе течIо гIаданлъиги, жавабчилъиги, гIадамаздехун бугеб адаб-хIурматги, хIадурай йикIана хIажатазе бокьараб ишалъулъ кумекалъе яхъинеги. КIочон толароан гIагараб росуги росдал гIадамалги.

Гьей йиго дир чIухIи ва мисал. Гьединайлъун хутIила гьей гIасрабаз районалъул гIолилал ясазул гIелазеги.



*Калимат*
***МИКАГIИЛОВА,***
***Болъихъ росдал администрациялъул хIалтIухъан.***

## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ХВЕЛ ГЬЕЧIЕЛ БАХIАРЗАЗУЛ ЧIАГОЯВ ВАКИЛ

ТIаде щолеб буго ичIабилеб май. 68 абилеб нухалъ нилъеца кIодо гьабизе буго КIудияб ВатIанияб рагъда босараб бергьенлъи. Гьеб бергьенлъи



гIагар гьабизе совет халкъ ана бидулъанги цIадулъанги. РагIабаздалъун бажариларо нилъеда гьеб рагъул кьогIлъи загьир гьабизе. Гьелъул бухIиялъулги, гIассилъиялъулги, рагъда ккарал камиязулги, керен-ракI лъукъулел хIужабазулги, гьужумазулги, тIураб биялъулги, тушманасдехун бугеб ццидалги, рагъул майданалда тарал гьудулзабазулги къисас босеян ахIулеб рекIелги, бихьараб ракъи - къечалъулги, къей лъаларев рагъухъанасулги нилъее санайилго бицунаан Бергьенлъиялъул нугIзал, бахIарчилъиялъул далил, даим рецц гьабизе жал мустахIикъал къей лъаларел бахIарзаз, нилъер рагъул ветераназ. Амма къо анагIан дагьлъулел руго гьел, абадиялъ къвал бан къокъунел руго къей жидеда лъачIел рагъул бахIарзал.

Жакъа нилъеда гьоркьор ругел киназдагоги гуро бажарулеб якъинго бицине бихьаралъулги таралъулги. Херлъиялъ жиндирабго гьабун, жидеда абулелдеги, жидеца абулелдеги хьухь рехун буго. Бугониги гьезул бадисан цIализе бегьула рагъул кьогIлъиялъул кьогIаб хIакъикъат, ригьарал къоязул къваридаб къисмат.

Гьединан дица сапар бухьана, дунги дунго гIадин эркенлъиялда къоял тIамулев щивав инсанги жидее налъулал рагъул ветераназул цояв Зибирхьали росулъа ГIусманов ГIизудинихъе.

Дида гьев ватана ясалъул дова бацIцIадаб ва хинаб рокъов, диваналдаги кIусун чIумал сверулев.

Салам кьун аскIой ана, гьикъа-бакъи гьабуна. Дир мурад лъайдал, ВатIанияб рагъ ракIалде щведал, бадиб магIу ххулана ункъойилъа тIаде сонал арав рагъул ветеранасул .

-ВатIаналда цебе тIадаб борч борхизе армиялде дун унелъул дир рокъор рукIана чIужуги ясги,- ян байбихьана ГIизудиница жиндирго хабар.- Рагъулаб хъулухъ гьабизе дун ккана Мурманскалде. Цебе армиялда балаан лъабго сон, диеги бащдаб лъагIел хутIун букIана рокъов тIад вуссине. РакIалдаго гьечIого, 22 июналъ радакь ахIи бахъана Совет Союзалде тIаде Германия кIанцIун бугилан. Рагъ абун ахIи балеб букIана киназго.

Рагъ… гьелъул кьогIлъиги, бухIиги, камиги рагIабаздалъун бицун загьир гьабизе лъидаго бажариларо,- янги абун, угьун хIухьел биччана ветеранас. Рагъулаб нух букIана ГIизудинилги, киналго бахIарзазул гIадаб, цIадулъан ва бидулъан. ГIахьаллъи гьабуна цIа боркьарал рагъазулъ, къеркьеязулъ ва гьужумазулъ. Бихьана тушман чIинтIизавун рекIелъе рештIунеб рохелги, гъурараб советияб халкъ бихьун яхI-хун ракI гIодобчIвайги. Аслияб куцалда гьесул рагъулаб нух букIана Мурманскалда гIагарда бугеб Карелиялда. ЦIа боркьарал гьужумазулъ гIахьаллъулаго, ГIизудинил гьеж лъукъана. Амма ругънал сан гьабичIого, бер къапизе биччачIого, бахIарчиго тушманасде тIаде унев вукIана магIарулав. Цадахъ ругел рагъухъабигун гьес асирлъуде росана немцазул гIемерал солдатал. Ва би гIемераб иналъ, лъавудасанги ун, госпиталалде ккунги ватана. Мадар лъугьиндал, цIидасанги тIадвуссун, рагъде ана гьев. Гьединан кIиго-лъабго нухалъ лъукъун госпиталалде ккун, цIидасан рагъде ун вукIарав ГIизудин, иргадулаб нухалъги лъукъидал, рокъове витIана.

Сабурал бералъан чвахулеб магIуги бацIцIунаго, тIубараб куцалда рагъул майданалда жинца лъагIелги ункъо моцIги банилан абуна гьес. -РакIалдаса унаро къокъаялде гъорлъе. -Амма кидаго каранда ракIалъ тIалаб гьабулаан гьужумазулъ гIахьаллъеян, ярагъ кодоб босеян. Тушманасде бугеб ццидацарекIеехIалхьиго толароан. КигIан рагъде ине хIаракат бахъаниги, гьабги тушман къезавиялъе бугеб хIалтIийиланги абун, захIматалде вуссине гьавун гуронани, рагъде ине данде ккечIо. Къисасилан ахIулеб ракIги букIана, бергьенлъиялъе гьабулеб хIалтIиги букIана. Ахир-къадги бачIана тIолабго совет халкъ, ракъдаллъиялъул заманалда лъехъ ракь кинигин гIашикълъун букIараб, доб бергьенлъидул къо. ЛъугIана рагъ, щвана анищаб Бергьенлъи. БачIана рохел, амма гьеб



цониги къо. Жакъаги рекIелъ руго рагъулал гьудулзаби- ЧIарада районалдаса Нуров Сиражудин, ГIумаров АхIмад, ХIажиев АхIмад, ТIасутIа росулъа ХIажимурад ва гь.ц.

Рокъове тIад вуссиндал, хIалхьуда чIечIого, ГIизудинги лъугьаназахIматчагIазул рохел букIана миллионал рагъухъабазул биги, улбузул угьиги, лъималазул бухIиги жубараб. РакIалде рачIана гьужумазулъ цадахъ гIахьаллъарал, абадиялъго гьенир хутIарал гьалмагъзаби. «Унгоха нужедаги бихьарабани гьаб къо, жакъа рукIарабани нужги»- ян ахIулеб букIана ракIалъ. Бокьун букIана, «кодобккураб» автоматги гIодоб лъун, рагъулав гьалмагъасда къвал базе. Амма дун рикIкIад вукIана. ВукIаниги гьалмагъзабазулги, ракьцоязулги, тIолабго советхалкъалъулги гIаммаб, киназего гIахьалаб Бергьенлъиялъ чIухIиги, рохелги, пашманлъиги жубараб асар гьабулеб букIана дир рекIее ва жакъа къоялдаги гьабулебги буго…

Бергьенлъи босаралдаса сверана санал. Щибаб соналъ бергьенлъиялъул байрамал тIоритIулаго къокъунел рукIана къоял. ГIадатияб гIумру тIамулев гIадатияв гурев инсан, бахIарчи эркенлъиялъе гIоло гIолохъанлъи рагъда тIамурав рагъул ветеранги вукIана.

Гьаруна гьесие ичIго лъимал-анлъго ясги лъабго васги. Унеб букIана эркенлъуда гIумруги. Гьеб низам хвезабуна халкъалда гьоркьосел хъачагъал тIаде кIанцIараб 1999 соналъ. Доб ВатIанияб рагъда ГIизудинго гIадин, гьесул васалги лъугьана ополченцазул къокъаялде гъорлъе, гIагараб ракь тушманасдасан цIунизе. Гьеб гьитIинабго рагъги инчIо рагъул ветеранасе щибго зарал-зиян гьабичIого хьолбохъан. БухIана мина-карт, тIагIана кинабго.

Жакъайин абуни рагъул ветеран вуго ясалъухъ Шодрода росулъ. Кутакалда разиги вуго гьев ясалъул хъулухъалдасаги росдал гIадамаздасанги, гьикъа бакъи гьабизе, салам кьун квер бачине, кваригIараб-хIажатаб цIехезе къойилго жиндихъе гьел рачIиналдасаги. Рази вугоан хIукуматалдасаги, амма цо гьариги бугоан рагъул ветеранасул-рохьов инеги кIолареб, бичун босизеги щолареб тIурччи -цIулалъе кумек гьабизе бокьилаанила жиндие.

***З. МУХIАМАДОВА.***

Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо!

# Вацлъи гьарарал рагъул гьудулзаби...

РакIалда гьечIо жиндир мунагьал чураяв МикагIилхIажилги дирги лъай-хъвай ккараб заман.Бищун дагьабги батила 30 сон.

Дол соназ гьев хIалтIулев вукIана гIагараб Хелекьури росдал Советалъул исполкомалъул председательлъун ва къойилго гIадин вихьулаан райцентралъул батIи-батIиял идарабазда, вачIун росдае хIажатаб-тараб цIехезе,жинцаго МикагIилхIажица абухъе,гьарунги вагъунги гьеб бахъизе. Дун гIажаиблъун вукIунаан гIумрудул сонал лъабкъоялда анцIилъе рахарав чиясул хIалхьи лъалареб хасияталда ва гIолохъабицин бахиллъулеб жигаралда.



-Кин бугеб гIагарав чиясул иш?-абун гьикъулаан мунагьал чураяс,дандияв кIалъалелде,къан гьесул кверги бачун.Хадув жувалаан, жиндиего хасиятаб цо хасаб хинлъи-рокьигун гьикъбакъ гьабизе.ГIагарав чи абураб калима гьадинго кIалдиб ругьунлъараб калам букIинчIо МикагIилхIажил-гьев вукIана гьудул-гьалмагъзабазде, лъале-хъвалезде рекIел кьо лъурав лъикIав инсан.

Гьай-гьай гьаб гьитIинабго макъалаялда МикагIилхIажил тIолабго гIумруги, гIаданлъиги,гIадамазе гьес гьабураб хъулухъги бихьизабизе рес букIинаро. Гьединлъидал регизин гьесул гIумрудул цо-цо тIанчал…

ХъахIал финназ нилъергун гIорхьи хвезабураб 1939 соналда, гIарзаги къун, ана комсомолец ХIайдаров эбелаб ВатIаналда цебе тIадаб рагъулаб налъи тIубазабизе.

Дагъистаналдаса гIолохъабигун унеб рагъулаб эшелон лъалхъизабуна Грозныялда - гьениса рекIинаризе кколаан Чечено-Ингушетиялъул гIолилалги.

Микьабилеб вагоналде лъугьун вачIана къамартIаб лага-черхалъул базалияв гIолохъанчи.

-Дида цIар Гада буго, - ян абуна гьес, МикагIилхIажихъе кверги бегьулаго.

- Дун МикагIилхIажи вуго, Болъихъ районалдаса, - йилан жаваб гьабуна магIаруласги .

Гьедин ккана магIаруласулги чачанасулги, хадуб вацлъи гьарараб гьудуллъиялде свераб, лъай – хъвай.

Дагъистаналдасаги Чечено-Ингушетиялдасаги 300 гIанасев багIармеец рагъулаб хъулухъ гьабизе ккана Ленинградалъул округалде. Выборг шагьаралда гIагарлъухъ чанго къо бахъана гьас кверде рачIинчIого хутIарал финназулгун рагъда. Хадур Кавказалдаса гIолохъаби батIи–батIиял рагъулал округазде рикьана. МикагIилхIажиги ГIабдукаримов Гадаги цадахъ хутIана.

КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизегIан кIиявго гьудулас хъулухъ гьабуна 10 - абилеб Армиялъул 112- абилеб къвагьдохъабазул полкалда.

Рагъул тIоцересел къояздасаго байбихьана магIаруласги чачанасги тушманасде данде хIаракатаб къеркьей. КIиявго вукIана пулеметчик. Чанги къаби щвезабуна гьудулзабаз фашистазда, чанцIулги тIуразаруна захIматал рагъулал тIадкъаял.

-Ленинградалъул рагъулаб округалъул командующиясул буюрухъ букIана цо гали нахъе босичIого шагьар цIунизе, - ян ракIалде щвезабулаан МикагIилхIажица. - КIочон толаро цо кIвар бугеб щулалъиялъе гIоло ращалъи гьечIеб рагъ. Чанго нухалъ цIикIкIараб букIана нижералдаса тушманасул гIадамазулги техникаялъулги къуват. Цо багIармейсде данде гIага – шагарго 20-23 чи вагъулев вукIана немцазул. Анлъго къоялъ гьоркьоб къотIичIо хIалуцараб рагъул гъугъай. КигIан бергьараб къуват тушманасул букIаниги, щибаб гьужум нахъчIвалаан нижеца. Ахиралдаги нижеда кIвана щулалъи бахъизе.

Гьеб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло кIиявго гьудуласе къуна «Багъадурлъиялъе гIоло» медалал.



ГIемерал рехсезе бегьула рагъулал лъугьа – бахъинал.

Рехсезе бегьула, цогидал советиял рагъухъабазго гIадин, кIиясго раччарал захIмалъаби, бихьараб гIакъубакъварилъи. РукIана чанги гьутIбуздаса ретIун тIанхал кванарал къоялги.

- Киданиги ракIалдаса унаро сверун кквеялдасаги рорчIун, Баренцово ралъдал рагIалде ралъдахъабазухъеги ун, Гадацаги чувашав Сидруцаги сухаридул чедги, чакарги, махоркаги бачIараб ва солдатазда гьоркьоб бащадго бикьараб къо, -ян гIемер бицунаан МикагIилхIажица. -Доб къоялъги богIоллъи щвечIебани, лъаларо кин дица 66 килограмм цIайиялъул пулемет бачизе букIарабали.

1942 соналда кIиявго гьудул лъукъана ва госпиталалде ккана.

МикагIилхIажие кIиабилеб группаялъул инвалидлъи чIезабуна ва рокъове витIана, Гада нахъеги фронталде тIад вуссана.

Фронталдаса рокъове витIарав рагъухъанас тылалдаги кIварабщинаб гьабуна тушманасда тIад бергьенлъи гIагар гьабиялъе. 1942 – 1944 соназда хIалтIана гIагараб Хелекьури росдал Ленинил цIаралда бугеб колхозалъул председателасул заместительлъун ва сахлъиялъухъ балагьичIого, цIикIкIараб хIалтIи гьабуна гIаммаб магIишаталъул буголъи цIуниялъегун цIикIкIинабиялъе .

Рагъда советияб халкъалъ босараб гьайбатаб Бергьенлъиялъулъ жиндирггоги бутIа букIиналдаса вохарав рагъул инвалид жеги кIудияб гьира – шавкъалда тIаделъана рагъалъ чIунтизабураб гIумруги магIишатги цIи гьабиялде. ГIемерал хъулухъал хисана гьес ва кинаб иш жинда тIадкъаниги, тIубазабуна гIадамал разияб хIалалда ва намусалда. 27 соналъ гьабуна МикагIилхIажи ХIайдаровас росдал Советалъе нухмалъи.

1989 соналъ, гIарзаги къун нахъеги ана. Законалдаги яхI-намусалдаги мугъчIван гIуцIун букIана ХIайдаровас жиндирго хIалтIи, гьединлъидал батила мустахIикъаб къадруги букIараб росуцоязда гьоркьоб. 1939 соналдаса нахъе, хиси гьечIого, жидерго депутатлъунги вищана хелкьадерица гьев.

…ХIалакун конвертги ричIун, рагъулав гьудуласул кагъат къватIибе цIалаан ветеранас ва лъикIалан мехалъ, бадиб магIуги ххулун, гьелда тIасан берал росичIого чIолаан. Хадув, хъизан ГIазрадеги яс Загьрадеги вуссун, «Гадацаги тIолабго хъизаналъги нужеде салам битIулеб буго, нилъ гьоболлъухъ рачIине бокьунги буго гьезие»- , ян абулаан…

ГIемерал сонал гьоркьор аниги ва къисматалъ чанги цоцадаса рикIкIад гьаруниги, рагьда лъадарараб вацлъиялъе ритIухъаллъун хутIана МикагIилхIажиги Гадаги. Рес кканцинахъе цоцаде тIаде- гьоркьеги хьвадулаан гьел, ккечIони - кагътаздалъун бухьен къотIизеги толароан.



Хелекьуриве Гадаги гьесул вацгIал МахIмудги рачIиндал, бищунго анищал гьалбадериде гIадин дандчIвай гьабуна гьезде МикагIилхIажил росуцояз.

Гьединго къабул гьавулаан чачаназ МикагIилхIажиги.

-ТIаде–гьоркье щвечIого заман ани яги кагъат бачIине кватIани, расги лъикI букIунаро ракI, - абун мукIурлъулаан дол соназда МикагIилхIажи.- Щибдай ккараб, щайдай хабар къотIараб, рокьоб къварилъидай бугеб абураб нусго батIияб пикру паркъула ботIролъ ва кинабго кIочон тола гьудуласул анищаб кагъатгун росдал почтальон яккараб мехалъ. РакIчIун абизе кIола Гадалги гьебго хIал букIунин, щай абуни рагьда ккараб гIадаб щулияб гьудуллъи букIунарелъулха.

МикагIилхIажи ХIайдаров хваралдаса гIемерал сонал ана.ЧIаго ватиларо чачанав Гада ГIабдукаримовги. Амма гьезулги ВатIаналъе гIоло рухIалда барахщичIого рагъарал аза-азар васазулги цIаралги цIар рагIарал ишалги нилъер ракIазулъ хутIизе руго абадиялъего.

***ГIУМАХАН ГIУМАХАНОВ***

## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# СОВЕТХАЛКЪАЛЪУЛ ГIАСРАБАЗЕ ХУТIАРАБ ГЪУНАР





1941 соналъул 22 июналда, божуда рекIкIги гьабун, фашистияб Германиялъул рагъулаб армия СССРалде т1аде кIанцIиялдалъун байбихьараб гIассияб рагъ халат бахъана 1418 сордо-къоялъ.

Нилъеде тIаде кIанцIилелде Германиялъул къуватаб, балъгого рагъде, чияр ракьал рахъиялде хIадурун букIараб армиялъул къуват цIакъго цIикIкIана ва щулалъана гьелъ кверде росарал Европаялъул рикIкIен гIемерал пачалихъазул рагъулалгун материалиял сурсатаздасан гIатIидго пайда босизе щвеялъ.

Гьедин, нилъер ВатIаналде цого заманалда тIаде кIанцIана гьединаб къуватаб немцазул армиялъул 153 дивизия ва гьединго Германиялъул чукъбузул 37 дивизияги.Гьел рукIана советиял аскаразде дандеккун 4-5 нухалъ цIикIкIун.

СССРалъул севериял гIорхъабаздасан байбихьун ЧIегIераб ралъдахъе щвезегIан манзилалда букIана нилъер фронталъулаб мухъ. 4-5 моцIидего фашистазда кIвана Прибалтикаялъул республикабиги, Белоруссияги ва Украиналъул гIезегIанго бакIалги кодоре росизе. Немцал гIагарлъулел рукIана Москваялде ва Ленинградалде.

Гьединаб хехаб къагIидаялда фашистал нилъер улкаялъул гъварилъуде гIагарлъиялъе гIилла букIинчIо нилъер БагIараб Армиялъул тамахлъи яги патриотикияб дух гьечIолъи ва гьелда релълъараб цогидабги.

Гьеб рагъдасан рорчIизе рес гьечIеб лъалеб букIараб нилъер улкаялъул нухмалъиялъ хехаб къагIидаялда тадбирал гьарулел рукIана революциялъги граждан рагъалъги загIип гьабун букIараб улкаялъул рагъулаб гуч щула гьабиялъе, амма гьел тадбирал киналго гуро гIумруялде рахъинаризе кIварал. Гьединалго гIунгутIаби рукIун руго рагъулал нухмалъиялъулал командирзаби хIадур гьариялъулъги. Гьеб кинабго рукIалиде ккезабуна тушманасде щвезабулеб кьабиялда цадахъ. ЗахIматаб хIалалдеги тушманасул къуваталдеги балагьичIого, рагъул тIоцересел къояздаго БагIараб Армиялъ щущахъ риххизарулел рукIана фашистазул тIаса рищарало анцI-анцI полкал ва дивизияби. Къо бахъанагIан цIикIкIунеб ва щулалъулеб букIана нилъер бахIарчияб БагIараб Армиялъул рухIияб къуватги, тушманасда тIад бергьенлъи босизе бугеб таваккалги ва гьеб босизе букIиналда рекIелчIейги.

Москваялда аскIоре щун рукIарал фашистал, хIакъир гьарун, 100-250 километралъ нахъе кьабиялъги, 1942 соналда Сталинградалъул кор боркьараб рагъулъ тушманасул 330 азарго чи вугеб группировка щущахъ биххизабиялъги, Сталинградалда ва гьелда сверухъ тушманасул 1,5 миллион рагъухъан тIагIинавиялъги лъуна гитлерилаб рагъулаб къуват жагъаллъиялъе кьучI. Бугониги жидерго стратегиялъулаб хIаракат жидехъго цIуниялъе гIоло 1943 соналъул риидал Курскиялдаги бихьана гьез нилъер хIал. Амма гьенибги щущахъ биххизабиялъулаб кьаби щвезабуна тушманасде БагIараб Армиялъ, тушманасул мурад тIубазе биччачIо. Гьеле, гьелдаса нахъе рагъулаб хIаракатчилъи щвана нилъер армиялъухъе ва рагъ лъугIинегIан гьеб жиндихъго цIунизеги цIунана.

1944-1945 соназ СССРалъул Яргъилал Къуватаз Украиналда, Прибалтикаялда, Белоруссиялда, Польшаялда, Румыниялда, Венгриялда, Чехословакиялда, Европаялъул цогидалги пачалихъазда чIахIиял рагъазул заманалда тушманасда щвезарурал кутакал кьабияз ва жибго Германиялда гьарурал рагъаз нилъее квербакъана вермахт щущахъ биххизабиялъе.

1945 соналъул 9 маялда СССРалъул Верховныяв Главнокомандующий И. Сталиница рагIинабуна СССРалъул халкъалъ ва гьелъул БагIараб Армиялъ гитлерилаб Германиялда тIад Бергьенлъи боси…

Гьеб дунялалъул историялда цойги букIинчIеб гIадаб Бергьенлъи босиялъе аслияб шартIлъунги букIана Советхалкъалъул ва гьелъул рагъухъабазул къуркьи гьечIолъи, бахIарчилъи, гьелъул тIадегIанаб патриотизм, тIолалго гIадамазда, миллатазда гьоркьоб букIараб вацлъи ва гъудуллъи, Коммунист партиялда, Совет хIукуматалда сверухъ халкъазул гъунки.Узухъда, И. Сталинил ва цогидалги полководцазул гIакъилаб, хIинкъи гьечIеб нухмалъиги.

Гьениб, гьединго, кIвар бугеблъун букIана «Кинабго фронталъе, кинабго Бергьенлъиялъе» абураб ахIиялда гъоркь БагIараб Армия рагъулаб техникаялдалъунги, танкаби-самолетаздалъунги ва кванилал сурсатаздалъунги хьезабиялъе гIоло тылалда,ай заводаздагун фабриказда, колхоздаздагун совхозазда, конструкторазулал бюрояздa рухIалда барахщичIого хIалтIулел рукIаразул бахIарчилъиги гъунарги. Гьезул гъунаралдалъун щибаб къоялда заводаздасан фронталде роржулел рукIана анцI-анцI истребителалги ва бомбардировщикалги ,ритIулел рукIана къуватал танкабиги бронемашинабиги.

Фашистаздасан советияб улка, хадуб Европаялъул анцI-анцI пачалихъал эркен гьариялъулаб кор боркьараб рагъулъ бихьизабураб гъунаралъе, бахIарчилъиялъе гIоло Совет Союзалъул БахIарчи абураб тIадегIанаб цIаралъе мустахIикълъана азаазар чи, миллионал гIадамазе щвана ВатIаналъул орденал ва медалал.

Гьеб КIудияб Бергьенлъиялъулъ мустахIикъаб бутIа лъуна дагъистаниязги ва гьездаго цадахъ районалъул гIадамазги. Дагъистаналдасан анцI-анцI азарго гIолохъанчи жидеего бокьун ана фронталде, районалдасан-кIиазаргоялде гIагарун.

Тушманасде данде рагъулаго бихьизабураб гъунаралъе, ВатIаналде бугеб рокьиялъе гIоло 58 дагъистанияв мустахIикълъана Совет Союзалъул БахIарчи абураб тIадегIанаб цIаралъе, азаазар чи орденазегун медалазе. Районалдасан фронталде аразул ращадазде гIагарун гIолохъаби ВатIаналъе, Дагъистаналъе, жиде-жидер росабазе ва хъизамазе гIоло бахIарчияб къагIидаялда рагъулаго кьалул майданалда шагьидлъана. Даимаб рецц гьезие!

Бергьенлъи босиялъулъ, тIолабго улкаялъул ясазго гIадин, бахIарчияб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул ясазги… Гьединазул цояй «БагIараб цIва» орденалъул кавалер Болъихъа ПатIимат МикагIилова ккола районалъулго чIухIилъун.

Хираго чIана СССРалъул халкъалъе КIудияб ВатIанияб рагъда босараб КIудияб Бергьенлъи. Гьеб рагъда нилъер тIагIана 28 миллион чи.

Рагъда хадусеб тIолабго заманалдаги жакъаги ва гIасрабазги нилъер халкъаз ракьалде щвезегIан бетIер къулулеб буго ва къулизеги буго гьел бахIарзазе. Гьезул ва чIаго ругезул гъунарги бахIарчилъиги гIасрабаз хутIила гIелазе мисаллъун.

*Ш. ЛАБАЗАНОВ.*

## ТIАСДАЛ ВАТIАНИЯБ РАГЪДА

Божуда рекIкIги гьабун, г1алхулал фашистал г1агараб Ват1аналде тIаде кIанцIарал къояздa, ТIасутIа росдал гIолохъабазги, районалъул рагъулаб комиссариаталдеги ун, загьир гьабуна ккараб къо борхизе фронталде ине бокьи.

Гьеле, гьединаб къагIидаялда гьитIинабго ТIасутIа росулъан ,жидеего бокьун , тушманасдаса гIагараб ракь эркен гьабизе фронталде ана кинавниги 24 чи.

Тушманасда данде магIарул къвакIигун ва яхI-намусгун рагъулел рукIарал тIасдерил гIолохъабазул анцIила кIигояв араб бакI лъачIого тIагIун вуго, анкьгояс , ВатIаналъе г1оло бахIарчияб къагIидаялда вагъулаго, цIа боркьараб рагъул майданалда рухI кьун буго.

ХутIарав микьго г1олохъанчи абуни, фашистияб Германия нилъер БагIараб армиялъ жиндирго рукIниб чIинтIизабун хадуб, гIагараб росулъе тIад вуссана. Гьезул курмул берцин гьарун рукIана рагъулал шапакъатаз.

Гьединаздаса ккола:

Насрудинов ГIабдулвахIид-1941 соналдаса 1945 соналде щвезегIан гIахьаллъана рагъда. МустахIикълъана «За Отвагу» медалазе. 1945 соналда хIалтIана мухъилав колхозчилъун.

Юсупов Байсунгъур- гIарзаги кьун ана фашистаздаса ВатIан цIунизе . МустахIикълъана «БагIараб ЦIва» орденалъе. Рагъдаса тIад вуссун хадув хIалтIана почалда.

МухIамадов КъуманхIажи - ГIахьаллъана Чехословакия эркен гьабиялъул рагъда. МустахIикълъана орденазегун медалазе.

Ибрагьимов Асайхан - ГIахьаллъана Украина эркен гьабиялъул рагъда. МустахIикълъана рикIкIен гIемерал медалазегун орденазе. Рагъдаса хадув хIалтIана колхозалда.

ГIалибегов Лабазан- ГIахьаллъи гьабуна Белоруссия эркен гьабиялда. Рагъда мустахIикълъана медалазе. Рагъдаса хадув хIалтIана колхозалда.

Рамазанов МухIамад-1942 соналдаса нахъе гIахьаллъи гьабуна цIа боркьараб рагъда. Рагъдаса хадув хIалтIана колхозалда.

Мажидов Шарип -1942 соналдаса нахъе гIахьаллъи гьабуна рагъда. МустахIикълъана орденазе ва медалазе. Рагъдаса тIад вуссун хадув хIалтIана батIи-батIиял бакIазда.

Асланбегов Мирзабег -1941 соналъ рагъдаса тIад вуссун хадув хIалтIана колхозалда.

Рагъда тIагIана АсхIабов ХIажимурад. ГIалиев, Давудбег, Мирзаханов Шайитхан, МухIамадов ГIумархIажи, Сурхаев Исуб, Шамсудинов ХIасан, ХIасанов СагIдудин, Ибрагьимов МуртазгIали, ХIажибегов НурмухIамад, НургIалиев ТIалхIат, ЖабрагIилов ИсмагIил, Сиражудинов Рашидбег. Рагъда хварал МухIамадов ГIабдула ва Мирзаханов Шайитхан мустахIикълъун руго «За Отвагу» медалазе.

Аллагьас мунагьал чураги киназулго.

*М. МУХIАМАДБЕГОВ,*
*ТIасутIа школалъул учитель.*

## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

### ВОРЕ УЛБУЛ КIОЧОНГЕ!



Дида эмен лъаларо,
ЛъагIел барав вукIана
ВатIаналде къоги ккун,
Рагъде витIун ватана.

ГьитIинав чи дун вукIун,
Чапар щвана росулъе,
Эмен ватIалъанилан
Хъвараб кагъатги босун.

Гьеб къоялдаса нахъе
Дун бесдаллъун хутIана,
Хварав инсул пикраби
Дир рекIелъа унаро.

ГьитIинго чIегIерги бан,
ГIолохъанлъиги бичун,
ХутIана нижер эбел,
Ниж бесдалалги хьихьун.

Эменлъиги гьабуна,
Эбеллъиги гьабуна,
ГIакъубаги баччана,
Къварилъиги хIехьана.

Жийго якъун хутIунги
Нижей хинкIал цIехана,
Дол ракъул соназдаги
Щибго рагIизе течIо.

Эбелалъул пашманлъи
Лъазе захIмат букIана.
Лъималаздаса бальго
Гьебги баччун, хьвадана.

Рос хварав гIечIелъубе
Вац хванин хабар щвана,
Гьоркьоб заман инчIого
Яцалъул росги чIвана.

# ДИР КВЕРБАЦIАЛЪ

Рогьалил гIужалда дагь-дагьккун речIчIулел бакъул чIораца берцин гьабун бугоан риидалил гIурччинлъиялъ тIегьазабураб росу. МагъилIъе гьолеб боцIул мимидиялъги, хурзабахъе унел руччабазул релъа-рохиялъги жеги чIаголъи кьун букIана росдаего. Цебесеб къоялъ букIараб берталъ кьурдун, гьекъон, хадур рагъун свакараб къагIидаха, бихьиназул цоиги чи къватIив вихьулевго вукIинчIо.

Росулъ щиб-кин кканиги цIияб хабар лъихъего щвезабулей гIадан йикIана Бика. Гьейин бищун цее росу тиризе, цIияб хабар цIехезе къватIие яхъунейги. Гьале жакъаги кодоб гIансаги ккун яккун ячIана гьей росдал годекIание. Циндаго гьелъул берчIвана рукъалъул тIохда пашманго гIодой кIусун йигей ПатIиматида. ВахI гьалъие щибдай лъугьараб абун ракIалде ккана Бикада. КIудияб ВатIанияб рагъда цо вугев вас тIагIаниги гьурмалъан гьимиги недегьаб каламги къотIизе течIей гIадан йикIиндал гьей. Гьанал махI чIвайдал кетуялъ кинигин ПатIиматил намусай сабурай Саидаца жиндир вас талихIав гьавилин абун ракIалде рачIарал пикраби васасе рагьизе ПатIиматги рокьое жание къокъана. Васасулгун хабар байбихьилалде, цин гьесул чехь гIорцIизе гьабилилан, гьесие бищун бокьулеб квен- цIурачадал



гьаризе жуяна гьей.

-Вай, радалго гурищ, эбел, нисдал панкъал гьаризе жуян йигей?-иланги абун, цIацIахдизе черхги гьабун столалда нахъ гьансинисан къватIибе бахьизе жуяна.

Къаси рокъове щварав АхIмадида эбел ятана, цебе цо къайи-цIаги лъун, килщазда щибалиго рикIкIуней.

- Эбел, дуе нух битIаги, -ян абуна цин цо жо ракIалде щванани тIаса йичIунарей эбелалъул гIамал лъалев АхIмадица.

-Йигоха ХIасанихъе ритIизесел гIадамазул цIарал рехсолей, -ан абуна эбелалъги, васасул разилъиго цIехечIого.

-ХIасание инегIаги ракIалда гьечIищ?-илан махсароде жувана АхIмадги.

-Вай, дур мацIалда гьацIил гурони тIагIам лъагеяв, тIагIамаб гурони квен кванагеяв, ракIалде кин рачIунел гьедигIан гьагал пикраби? ХIасанил яс Саида дуе гьаризе гIадамал руго дица ритIулел. Гьелдагийищ мун рази гьечIев, кий ятилей дуда Саида гIадай яс?- абун зигардизе лъугьана ПатIимат.

-Саида квешайин гуро, дица дуда абулеб бугеб. Те дуца Саида жийго, Саида йокьаравги Саидае вокьаравги вас вуго, мун гьоркьой лъугьунге, хирияй эбел!-иланги абун, АхIмад жиндихъего жаниве къавулъе нух босана Бикацаги. Гьелъие ккараб жо лъачIого кинго Бикал рекIее рахIат букIинчIо.

Амма ПатIиматил рекIел хIал лъазе жакъа захIмат букIинаан. Пикрабаз гьей ячун йикIана 1941 соналъул 21 июналде.

Жакъа гIадаб роцIараб къо букIана добги. Цебесеб къоялъ бертинги букIун, кьурдун свакарал гIолохъаби жеги макьидаго рукIана. Релъа-рохун махсаро-хочIалда хурире унел ясалги рукIана, рукъалъул тIохил рагIалда кIусун ПатIиматги йикIана. Амма ПатIиматил рекIелъ пашманлъиги бадиб магIуги букIинчIо доб къоялъ.ГьитIинго эменги хун гIезе гьавурав 20 сон барав АхIмадие лъадилъун ячине бищунго берцинайги гIакъилайги яс ялагьулей йикIана гьей. Гьелго пикрабигун ялагьун йикIана гьей хурире унел ясалазда хадуйги. Циндаго гьелъул бер кIутIана хьитазул устIар ХIасанил ясалда. КигIан ургьаниги, цIар-цIарккун щияй яс ракIалде щвезаюниги , щайдай дир ракIалъ Саида гурони йищуларей? Гьалеха жакъаги дир берал ясалазда гьоркьоса Саидада тIад лъалхъана. Гьалдаса мустахIикъай яс дида яти щакаб иш бугоянги абун, къотIи ккана васасе Саида абизе ва васасулгун гьеб суал данд базе.

Саида йикIана йорхатай, узденай, халатал гьалазул цIахIилал беразул яс. Гьелъул хIатIилъе ккараб чIимихалъул хIур лъугьинаян абулаан чIахIиял руччабацаги. Суал кьун гурони жий кIалъаларей кIусана АхIмад.

Катие бахъухъгIанги АхIмадие панкъал рокьулеблъи лъалей ПатIиматица, сихIираб гьимиги гьурмада бахчун:

-Хеккого дуе квен батIиялъ гьабизе бугелъул, бугеб ресалдаса пайда босулей йиго-ян абуна.

-Щиб, эбел, хIалтIухъанищ йосулей йигей?- абун гьимана ,гьелъул пикру бичIчIичIевлъун чIарав, АхIмад.

-Щай, эбелалъул, дие хIалтIухъан? ГIолохъанчи васги вугони, васасе бахIарай ячине ресги бугони? -ян жиндирго пикраби васасе рагьизе жуяна ПатIимат.

-Эбел, мун нолъ берталъе йиччазего бегьулей йикIун гьечIо, сухIматалъ мехтарай мун жеги йигьунго йихьуларо,-янги абун, АхIмад къватIивехун ана.

Валлагьги дирго мурад тIубачIого тIаса йичIуней ПатIимат дунги гурейха росу тун мунги инаро гьаб хабар дицаги гIодоб теларо чIахая цо мун рокьовеги щвелаянги абун, жиндирго хIалтIуде юссана ПатIимат.

ТIубараб къо ана ПатIиматил кинал рагIабиги ратундай васасул ракI рази гьабилеб абун ургьулаго. Къойида жаниб чанцIулго рокъове вачIаниги, махсароде эбелалъул хабарги свериze гьабун, тIурулев вукIана АхIмад. ЧIаха цо къасиниги кодов щвелин мун дихъе абун ПатIиматги жиндицаго васасул бахIаралъе хIадурараб бечелъи ана. Жиндирго чу тIамун цее ине ракIалда букIарай ПатIиматги АхIмадида хадуй екерун жание ана.

-Кинав вокьулев, гьедигIан гьайбатай ясалда гьедигIанго гьодораб бетIер букIунеблъи дида лъанго букIиинчIо,-ян хIалакине жуяна ПатIимат.

-Щиб, эбел, чи вокьиги гьодорлъийищ?

-ГьечIо, амма гьадигIан берцинав дир васги вокьичIого, вокьизегIаги щивдай гьелда ватарав абун тамашалъун йиго дун.

-Дур бадисан гурелъулха, эбел, дида киналго балагьулел,-ан гьимана АхIмадги.

- Гьедин батани, АхIмад, дуе йокьарай бице. Саида хутIизегIан хутIарал данде хахарал гьечIелъулха,-ян жеги таваккалалда жуяна ПатIимат.

- Те, эбел, дун. ГIедегIараб гIор ралъдахъе щоларин гурищ абулеб! Метер бицина нилъеца гьеб, макьихунги вуго, кьижизе те.

-Метер гьезе тараб рачI кьоркьода гьечIого хутIун бугин абураб абиго рагIичIищ дуда?

-Эбел !-илан ахIана васас.

Бегьулиланги абун, ПатIиматги къватIие лъугьана.

Сордо рогьинегIан кьижизе макьу щвечIо ПатIиматие Саидал пикрабазда йикIун. Уха, вокьулев рагIула гьалъул, дир васги вокьичIого, вокьулев чигийищ вукIунев?

## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

З. МУХIАМАДОВА

# БАЦIЦIЕ ЭБЕЛ

Саидал берцинлъиги чIурканлъиги ссун ана ПатIиматил берадза цебе.

Гьединал пикрабазда йикIарай ПатIимат радакь гIадин кьижунги ккана.

Радал тIадеги яхъун, боцIиги тIубан вас ворчIилалде квен хIадурулей йикIана. Васасе мустахIикъай яс цIехолаго ПатIиматил хIисабго ккечIо АхIмад столалда нахъ гIодовги кIусун кваналелъулги. СихIирго гьимулаго эбелалда бералги речIизарун, жакъа гьаб хабаралдаса жив ворчIанилан къватIивехун ана гьев.

ТIубараб къо ана ПатIиматил цоро пикрабаз ракI кваналаго. КъулгIадул кIалтIа кьокъалго дандчIваялги, Саидал гьитIинай яц микьго сон барай Асиятилгун АхIмадил гьудуллъиги, кьойилго гьелъ росун рачIунел тIахьалги- гьеб киналъулго пикру гьабидал, гьалда гурищ рокьи абулебан туркIун ячIана ПатIимат. Дуца дун махсароде кколарей, АхIмад, инсулго буго хасият, дун махсароде ккевзе гьунар гIурабиланги абун, ПатIиматил кьасд ккана Саидал рекIелъ бугеб цIехезе гьелъул инсул яц, жиндирго гьудул Асмахъе ине.

БитIун тIадеги яхъун, къватIие квералгун ПатIиматица васасухъе бегьана хъахIаб квербацI.Гьеб квербацIалда ПатIиматица хьухьун букIана АхIмадил эмен АсхIабилги, АхIмадилги, жиндиргоги сурат.

- РакI бакъвазе биччаге, эбел, вуссиневин дун тIад,- илан абуна гьес эбелалда .



Ва Саидада аманатги гьабуна жиндир эбелалъул кидаго тIалаб-агъаз гьабеян.

Гьел рагIабиги абун, эбелалъул кверазда убачги гьабун, ана АхIмад рагъул коронив.

Гьелдаса нахъе ПатIиматил ПатIиматил кьоялги кьокьунел рукIана. Гьелдаса нахъе сверана 18 сон. Васасул пикрабаль йосун йикIана жакъаги ПатIимат.

-Зубаирихъ унеб йикIарай дун, мун цIакъ пашманго йихьидал, ккара- тараб жогIаги гьечIодаян духъе сверана,- ян абуна Бикаца киса -кибего берги щвезабулаго.

- ГьечIо щибго лъугьараб жо, бетIер букIана унтулеб, гьелъ цо дагьаб цIияб гьава цIазе къватIий яхъун йикIана,- ян жаваб кьуна ПатIиматицаги.

-Вай, лъаларо гьебго ботIрол унтуца рогьинегIан кьижизе течIо дунги. Гьанже яхъинин. Гьадав Зубаирихъе васасул цIехезе унеб йикIанин-нольь кIиго-лъабго хъачагъги кIанцIун, колодасан боцIи бугоан бикъун, гьеб биччаларого гьезда данде къеркьезе лъугьарав Зубаирил вас хвалде кколедухъ вухунги вугоан.

Росулъ ккараб кинабго жиндаго лъалеблъи бичIчIинабулеб киниги, сихIирго киса- кирего бералги речIчIизарун, къватIие лъугьана Бика.

Вай, харбил гурони ургъел гьечIелги ругоха гIадамалиланги лъугьине жуядал, къватIиса гIодачIвадиялъул гьаркьал рагIана.

-Вай, ПатIимат, рагIанищ кьогIаб хабар, рагIанищ нилъеде рещтIараб балагь,-анги абун, Асма жание кIанцIун ячIана.

ПатIимат рекIеда ятун, суал кьун яхъиналде- рагь, рагь буго байбихьун, вай Аллагь, цIуне нижер васалиланги абун, Асма накабаздаги речIчIун мегьед бухине лъугьана.

Кинаб рагь букIунебан бабадун рагIи батуларого ПатIиматги хутIана.

Гьеб хабар тIибитIулаго годекIаниб бакIарана кинабго халкъ. Росдал гIолохъаби хIадурулел рукIана гIагараб ВатIан тушманасдасан эркен гьабизе рагъде ине. Вай, Аллагь, цо сордоялда жаниб гIумрудул магIнаго хисараб куц бихьулищан, килщаца килщалги кIвекIунаго, хIалицаго магIуги ккун, вас валагьулел рукIана ПатIиматил берал. ГIолохъабазда гьоркьов вугев АхIмад вихьаравго, бухIиялъул кутакалъ чIезе бакI тIагIун хутIана гьей. Васас дунялалда бараб кього сонида жаниб жакъа тIоцебе ракIалда ккана гьалда гьавунго вукIинчIевани дица гьав абун. Амма, росдалго руччабаз гIадин, васасда бихьизе магIуги течIого, сородулел квералгун магIид бецIцIулеб ракIгун нухда регIулев вукIана ПатIиматица вас. Гьев чода рекIиналде кьвал бараб мехалъ, гьаб лахIзаталъулъ даимлъулей йикIарабани дунан ракIалдеги ккана. Сородулел щибаб кьо букIана цоцада рельъараб. «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе» абун захIматчагIазул кьерда хIалтIун, васасда хадуб бугеб бухIиялъ гIодизаюн, гьоркьор- цере рачIунел кагътаз йохизаюн кьокьунел рукIана сардалгун кьоял. Ахир- кьадги лъугьана доб рагъул 1418 сордо-кьо. Босана Бергьенлъи, бачIана рохел. Рагъдаса руссунел рагъухъабазде данде ана доб росдал рагIалде руччаби, хараби, лъимал. ЙикIана гьезда гьоркьой ПатIиматги. Васасул кагътал кьотIун лъагIел свераниги, анищазуль щивго васгун дандчIвалей йикьулаан гьелда. Росдал цо-цо гIолохъаби цоял бох гьечIого, цоял гьеж гьечIого, амма чIагого тIад руссана.. Лъалаан цо-цоязда жидер васал, вацал, россал рагъда шагьидлъараблъиги. Амма ПатIиматил вас араб бакI лъачIого тIагIана. Я вуссун рохел бихьичIо, я вукьун хIалхьи щвечIо. Щивасде аскIое ун цIехолеб букIана гьелъ васасул, амма хIакъикъат лъалев чи ватичIо. Рагъдаса рагъухъабиги тIад руссараб, цохIо вугев васасул хабарги лъачIеб доб сордоялъ ракIалде ккана ПатIиматида дунялалъул рокьоб бугеб тIолабго къварильи жинда тIаде беганилан. Рагъ лъугIун лъагIелгIанасеб заман сверидал, Саидаги АхIмадил гьудул ГIумарие ана, жиндирго пикрабигун ПатIиматги хутIана. Амма, чияда лъазе течIого, рекIелъ бугеб ругьунги бахчун абун, ургъалица керен-ракI лъукъарай ПатIиматги жиндирго хIалтIуде юссана. ТIубараб кьоялъ щиб-щиб гьабунги гIодойго кIусичIей ПатIимат, сордо тIаде щведалги, долго пашманал пикрабаца йиччалей йикIинчIо. МагIиль рецIцIун рукIана бералги. Кварильиялъ квал барай эбелалда ракI гурхIун кинигин чвахун базе жубана цIадги. Зоб гьугьаниги, рекIеда ятичIо ПатIимат бакъвазе лъун букIараб курак жаниб босизе, гьелъул рекIел гьаракь жеги кьуватаб, жеги гIассияб букIана. Циндаго базе лъугьана гороги. Горда речIчIараб городул кесекалъ рекIеда ятун, ПатIимат курак жаниб босизе тIохде яхъана. Курак жаниб букIараб тIарсги цинее кверальь ккун, гурдил чвантиниб цо жо балагьизе квалквадизе лъугьана. КибахъагIаги бугеб гьаб магIихъе кванаяб квербацI, гIумруялъ чвахунго лъугьунареб магIу бацIцIинеян ахIун гьаракь борчIана ПатIиматил. Дир квербацIалъ бацIцIеянги абун, гьалъ васасухъе кьун букIараб квербацI бачIана нахъасан бегьун. РекIее хIеренаб гьаракьги рагIун, ПатIимат бигьа гьабун нахъе сверана. Вай, дир вас, вай АхIмад, мунищиланги ахIун, ПатIиматида кодосан курак жаниб букIараб тIарс бортун ана. Дун вуго, эбел, дун вуго дур васасул вас АхIмадилан абуна гIодоб бортараб тIарсги борхулаго, 20 сон барав гIолохъанчияс.

## ВОРЕ УЛБУЛ КIОЧОНГЕ!

**ЧIобоголъана дунял**
**ХIасратай эбелалъе,**
**ХIалимаб къагIидаялъ**
**Къана лъимал каранде.**

**БухIараб магIил гарал**
**Гирун ана бадисан,**
**Берцинго балагьизе**
**Бажарулеб букIинчIо.**

**Бугониги, къвакIараб**
**РакI бугшо эбелалъул,**
**Жинде щвараб къварилъи**
**КъулчIун жаниб бачана.**

**Лъималазул ракIазе**
**Мукъсанлъи ккелебилан,**
**Гьеб лъазе биччачIого**
**Бана гIемераб заман.**

**Лъай-гIакълуялде рахун,**
**Балугълъараб гIужалда**
**Берцин гьабун бицана**
**Бугеб хIалалъ кинабго….**

**Дица бетIер къулула**
**Хирияй эбелалъе,**
**Баркала кьола гьелъий,**
**Гьабураб гьилихъалъухъ.**

**Воре улбул кIочонге,**
**Умумулги рекIелъ ккве,**
**РакIбацIцIадаб куцалда**
**Гьезий хъулухъги гьабе.**

**Гьеб буго нилъер налъи,**
**Гьеб буго нилъер хIалтIи,**
**ТIокIаб батIияб пикру**
**Кинго данде ккоЛаро.**

**МухIамад ХIАЖИЕВ,**
*КIижани росу*



## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# НИЛЪ ЦIУНАРАЛ, АММА НИЛЪЕЦА КЪИМАТ ГЬАБИЧIЕЛ

МухIаматIагьир гьавуна 1915 соналъ Гъодобери росулъ.

1941 соналъ росдал гIолохъабигун цадахъ гьевги ана рагъде ВатIан цIунизе. Гьев ккана генерал Власовасул полкалде. Ункъо соналъ МухIаматIагьирида бихьана рагъул кьогIлъи, гьалмагъзабазул хвел, командиразул кьвари, тушманасул инжитлъи.

ГьабсагIат МухIаматIагьирил буго 98 сон, амма пагьму ва кIалъай гьесул гIолохъанчиясул гIадаб, чIванкъотIараб буго. Гьес бицунеб буго:

-Дун вукIана Власовасул девизиялда. Нижер командир вукIана гуржияв? Татаршвилли абун. Гьев вукIана кьвараравр, ритIухъав ва нижеда цIакъ ракI гурхIулев чи. Живго Власов дида вихьичIо. Дида лъалароан гIурус мацI, цадахъ ругез дида «баранин» абулаан. ГIурус мацIалда дида лъалаан 4 рагIи: ура, вперед, за Родину, приказ. Бащдаб лъагIалидаса гIурус мацI бицине лъачIониги, магIна бахъизе лъана дида.

Дида лъаларо щиб моцI гьеб букIарабали, дунял квачазе рекIараб хаслихълъи букIана. Щуго кьоялъ рукIана ниж тушмангун гIасияб рагъда. Камиял нижер кIудиял рукIана, кумекалъе цогидал аскаралги тIаде щолел рукIинчIо, ярагъги гIолеб букIинчIо. Кьвагьи гьоркьоб кьотIарабго, дунги цоги лъабгоялги ритIулаан ярагъ бакIаризе. Щуабилеб кьоялъ нижер 60 чиясул хутIана 14 чи. Гьенив нижер командирги чIвана. ГIасиял, кIочонарел кьоял рукIана гьел. Нижее букIинчIо гьениб хвасарлъи, ниж сверун ккун рукIана фашистаз. Нижеца хIукму гьабуна релъедал гьениса рорчIизе гIамал гьабизе. Амма гIемер нухго течIого ниж асирлъуде ккана ва концлагералде рехана. Дида цадахъ вукIана 13 гIурус солдат. Гьезул цояс абураб дида жеги кIочонаро- «вот и конец, закончилась жизнь»,- абун. Дун гьел рагIабаздаса цIакъ хIинкъана ва гьедин гьеб букIиналда щаклъизе бакIги букIинчIо. Нижер гьениб нухалги рикьана, дун рехана цоги баракалде. Гьеб баракалда рукIана гIицIго кавказалъулал. Гьенир дида ратана дагъистаниял гурелги, районцоялцин гIолохъаби. Гьелдаса дун кутакалда вохизеги вохана. Дун рагъде унеб мехалъ дида цадахъ вукIана болъихъав Шамхалов Расул абурав гIолохъанчи. Грозныялда, поездги ун, гьоркь хутIарав Расулги ватана дида гьенив. Нижедехун бугеб бербалагьи фашистазул батIияб букIана, хIалтIудаги инжит гьарулароан, квенги кватIизабичIого кьолаан. Хадуб бицана Расулица дида гьеб кинабго нижее Дагъистаналъул Германиялда чIарал гIадамаз гьабулеб кумек бугилан абун. Гьезда гьоркьов дур росуцояв АхIмаднаби абурав чиги вугилан абуна гьес. Живго АхIмаднаби дида лъалароан. Гьединго Расулица бицана гьел дагъистанияз концлагераздаса жидеего хIалтIизаризеян ва цогицогидал багьанаби ратун, асирлъуде ккарал гIемерал гIадамал хвалдаса хвасар гьарун, рокъоре ритIулел ругиланги. Росуцоясде кутакаб божилъиги ва гьев вихьизе кIудияб рекIел анищги букIана дир. Гьеб кьоги кватIичIого бачIана. Солдатаз дун цо кабинеталде жаниве вачана. Гьенив кIудияб столалда нахъ гIодов чIчIун цо чиги вукIана. Гьев дидехун вуссун гьодоберисезул мацIалда кIалъана, дида бичIчIана гьев АхIмаднаби вукIин. ЧIурканаб, борхатаб лагаялъул АхIмаднаби дир габунив хурхана ва дагьабго хисараб гьаракьалъ абуна, мунгийщила, цинагIаласул вас, вихьизе вукIарав дида абун. Дида бичIчIана лъил щив чи АхIмаднаби кколевали, инсуца дида гIемер бицун букIана гьесул



хIакъалъулъги гьес ВатIан тезе ккеялъулги. Гьес дихъе кIусизе бакIу кьуна ва ниж кватIизегIан хабаралда хутIана. Гьес цIарал ккун цIехана дида росдал кIудиял чагIазул, гьезул сахлъиялъул, росулъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьесул букIараб пагьму, кIоченчIого рукIарал росуцоязул цIарал-дун тамашалъун хутIана.

Гьениб АхIмаднабица бицана дир ахIвал-хIалалъулги, рокъове тIад вуссани дие букIинесеб тамихIалъулги. Гьес бицун лъана дида Власовасул хIакъалъулъги. ТIад вуссун баракалде щведал, дида гьенив Расул ватичIо. КIиго кавказалъулавги вачIун ун руго рачун 15 чи, рокъоре ритIизе абун. Лъабго кьоялдаса цIидаса рачIана лъабгоял. Гьезда гьоркьов АхIмаднабиги вукIана, цоясда Халил цIарги ахIулаан гьез (Халил-бег Мусаясул), цойгидав осетиявин тана дица. Гьезги рачун ана гьениса кавказалъулал. Дида лъалаан гьел рокъоре ритIулел рукIин ва дун хадув валагьун гьезда бахиллъун хутIана. АхIмаднабица дида абуна, гьабсагIатго мун рокъове тIад вуссине бегьуларилан, «власовец» вугилан чIвазеги бегьулилан абун. Хадусеб кьоялъги вачана дун АхIмаднабихъе. Гьес дида абуна мун цо дагьалъ Грециялде витIизе вугилан, жинца дуе гьениб бигьаяб хIалтIи щвезабун бугилан.

Гьедин ккана дун Грециялде, кутакалда ресалда вугев, гIаданлъи цIикIкIарав чиясда цеве хIалтIизе. Дун гIадинал, асирлъудаса рачарал гIемерал хIалтIухъабиги рукIана гьенир. Сордойилго гIадин бихьулаан дида макьилъ дирго росу, росдал гIадамал, гIатIидал байдаби, берцинаб рохь, огь дун урхъун вукIараб куц гьеб киналъухъго. Халатал кьоялги, лъугIулареб рагъги, заман цо бакIалда хIуби гIадин чIун бугилан кколаан дида. Цо кьоялъ рогьалилъ, квешал гьаркьалгун, киса лъаларел роржун рачIун самолетаз гIарадаби разе лъугьана. ГIадамазул гIасияб чIичIидиги, гIарадабазул кьвагьиги, щиб гьабилебали лъаларого вахъун чIун вукIана дун. Дида йихьана цо лъимер кодоб ккун, цойгидалъул кверги ккун екерун уней гIадан. Дун векерунги ун, квер ккун йикIарай яс кодоеги ячун картошка цIунулеб донгиниве кIанцIана, хадуйго дой гIаданги кIанцIун ячIана. Дица гIодор регаян квералъ ишара гьабуна ва гьей кодоб букIараб лъимералда тIад егана, цогидалай дицаги яхчизаюна. Кього минуталдасан кьвагьиги тIагIана, самолетазул гьаракьги кьотIана, щибниги букIинчIеб гIадин сихIкьотIиги лъугьана. Риххарал минабиги, бухIулеб жоялъул махIги, кIкIуйги хутIана сверухъ.

Цо-цо ккун тIаде рахъизе лъугьана чIаго хутIарал гIадамал, амма регун хутIаралги гIемерал ругоан. Байбихьана лъималазулги руччабазулги гIоди. Ниж хIалтIула рукIарав чиги гьесул кинабго хъизанги чIван ругоан. Дунги цо татаравги хутIизегIан нижер киналго гьалмагъзабиги чIвана. Нижер кьасд ккана чуялги рачун нилъеразухъе нух бахъизе, амма я дида, я татарасда лъалеб букIинчIо кинаб рахъалдехун ине кколелали. Ункъо къо букIана нижер рохьаздаса кьватIире рахьичIого унел. Щуабилеб кьоялъ хIухьбахъизе чIараб бакIалда ниж немцаз сверун ккуна ва цIидаса асирлъуде ккана. Гьез ниж цогидаб лагералде рехана. ТIокIав дида татаравги вихьичIо. Дунги кьойилго, шпион вугилан абун, вачунаан кIал гьикъизе ва вухун релъедал баракалде рехулаан. Радал вачун унеб мехалъ дида кколаан жакъа ахирисеб къо батилин дир гьаб дунялалда абун. ТIубараб кIиго моцIалъ гьединан кIалгьикъана дида гьез.

Лъабго моцI гьенибги бахъун, дун вачана Польшаялъул цо чияс жиндихъего хIалтIизе. Гьев согIаб, гIанчIаб гIамалалъул чи вукIана. Гьенисанги хIалбихьана дица лъутун ворчIизе, амма хадур полицаялги рачIун кколаан. Лъутиялъухъ хьопалъ вухулаан ва 15 кьоялъ подвалалъувги рехун, квен кьечIого, гIицIго лъеда толаан. Дида бичIчIана дун гьаниса ворчIуларевлъи ва ворчIаниги нилъеразухъе нух бахъизе дида кIолареблъи. Дица гьениб бана лъагIел ва дие гьеб бащалъана дир тIубараб гIумруялда.

ЛъугIана рагъ, щвана бергьенлъи, рачIун нилъераца эркен гьаруна дунги дида цадахъ рукIаралги.

ГIемер халат гьабиларо. Щвана росулъе. КIиго сон инчIого бичIчIана дов росуцояв АхIмаднабица бицараб жо битIараб букIин. Дида хадур рачIана НКВДялъул гIадамал. Байбихьана чIейго гьечIеб кIалгьикъи:мун кив вукIарав, щиб гьабулев вукIарав, щив вихьарав, лъица кумек гьабураб?-абун.

Рагъда дун асир гьавун вукIана тушбабаца, гьанив нилъерацаго асир гьавуна. Гьабуна дие тамихI: бахъана цо букIараб гIака, 7 сонги кьун туснахъалда жанив тIамуна, кьуна цIар «халкъалъул тушман» абун. Туснахъалдаса вачIун хадубги бихьичIо дида гIумрудул тIагIам, язихъаб бетIербахъиялда, гIорцIичIеб кванида гIумру ана дир. Гьелъие гIиллаги-дир командир Власов вукIин.

Совет хIукумат бихххун хадуб концлагеразда рукIарал реабилитировать гьаруна, амма «власовец» вугилан дие инкар гьабуна.

ГьабсагIат МухIаматIагьир хьихьун вуго яс Жамилатица. Гьей рос хун хутIарай гIаданалъ хьихьун руго жиндирго 5 лъимерги херав эменги.

МухIаматIагьирие бачIуна 4 500 гъурущ пенсияги. Амма пенсия цIикIкIин яги гIумрудул шартIал лъикIлъизари гуро гьесул анищ бугеб, гьев урхъараб жо буго «халкъалъул тушман» абураб цIар тIаса ин, гьеб жиндаса бахъи.

***Ж. АХIМАДУДИНОВА***



**1941 Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо! 1945**

## ТIОГЬИЛЛЪАРАЛ ТIАНЧАЛ

**Ботлих**
**Райком партии.**
**Правительственная**

**Сообщается телеграмма т. Сталина секретарю Дагестанского обкома ВКП (б) тов. Алиеву.**

**Передайте колхозникам и колхозницам Дагестанской Автономной Советской Социалистической Республики собравшим 25 миллионов рублей на строительство танковой колонны «Шамиль», внесшим 20 тысяч пудов сельскохозяйственных продуктов в фонд обороны Красной Армии и для рабочих оборонных предприятий, а также комсомольцам и молодежи, собравшим средства и построившим собственными силами три бронепоезда мой братский привет и благодарность Красной Армии. «Сталин»**

**Москва Кремль**

**Маршалу Советского Союза товарищу Сталину. Горя желанием помочь восстановлению города-героя Севастополя трудящиеся Ботлихского района Дагестанской Республики внесли в госбанк 345 тысяч рублей. Пусть этот скромный вклад послужит скорейшему восстановлению города-героя Севастополя.**

**Секретарь Ботлихского райкома партии Муртазалиев**

**Председатель исполкома райсовета Дибиров**

**Ботлих РК ВКП (б) 19/IX-1944 года.**

# СТАЛИНГРАДАЛДАСАН БЕРЛИНАЛДЕ ЩВЕЗЕГIАН

Фашистияб Германия СССРалде тIаде кIанцIияльдалъун байбихьараб кIудияб ВатIанияб рагъул тIоцересел къояздаго, жидеего бокьун, фронталде арал районалъул гIолохъабазул цояв вукIана Болъихъ росулъа ГIазаев МухIамадтIагьир МуртазагIалиевич.

МухIамадтIагьирица 7 сон байдал хун вуго гьесул эмен. Гьев вукIун вуго захIмат бокьулев, физическияб рахъалъ къуватав вас.Гьес гьитIинго байбихьун буго эбелалъе кинабго рахъалъ кумек гьабизе. Лъаялде рокьиги, гьеб босизе лъикIаб пагьмуги бугев гIолилаввукIиналъ батилаха, Болъихъ анкьго класс лъугIарав МухIамадтIагьир цIализе витIун вуго Грозныялъул правовиял финансазулал курсазде.

«Отлично» къиматазда гьебги лъугIизабун вачIарав гIолилав I932 соналда хIалтIизе тIамула районалъул сберкассаялъул (гьанжесеб сбербанк) контролерлъун.Хадув хIалтIула районалъул Халкъияб магIишаталъул инспекторлъун. Жинда тIадкъараб ишалъе гIоло жавабчилъи бугев гIолохъанчи хIисабалда, I937 соналда гьесда божизабула районалъул финансазулаб отделалъул заведующиясул хъулухъ…

ГIемерал анищал рукIана МухIамадтIагьирил, амма миллионал советиял гIадамазулго гIадин, гьесулги гьел хвезаруна I94I соналъул 22 июналда байбихьараб рагъалъ…

Рагъул тIоцересел къоязго, райвоенкоматалдеги ун, МухIамадтIагьирица кьураб гIарзаялда къокъго хъван букIун буго: «Дир бакI тушманасдасан ВатIан цIунулезул цебесеб кьерда буго, дун гьенив витIе»,-ян .

Амма гьесул гIарза нахъчIван буго. «Мун вуго цIакъго жавабияб иш тIад бугев чи, дуца гьеб тIубазабе»,-ян лъазабун буго МухIамадтIагьирида военкомас..

Гьединаб нахъчIваялда тIад рекъолеб гIадаб букIун гьечIо гьесул чорхолъ бугеб тIадегIанаб патриотизмги, божуда рекIкIги гьабун, гIагараб улкаялде тIаде кIанцIарав тушманасде бугеб цимги. Гьеб кинабго бихьарав рагъулав комиссарас, щибаб



къойил военкоматалде хьвадулев вукIарав, МухIамадтIагьир витIун вуго фронталде…

Гьев ккола 105-абилеб гвардиялъулаб саперазул отделениялде. Чанго моцIалдасан, снайперасулаб махщел щварав, гьев жидерго полкгун витIула Сталингардалде. Байбихьуда кIвар бугел рагъулал операциязда гIахьаллъи гьабизе щолеб букIинчIо, тушманасде хвалилаб кьаби щвезабизе гIашикъго вукIарав, нилъер ракьцоясе.

Амма гьоркьоб гIемер заманго инчIого, ай I942 соналда гьев жиндирго рагъулал гьалмагъзабигун щола Сталинградалъул гIорхъабаздехун. Замазаманалдаса унел рукIун руго рагъал нилъераздаги немцаздаги гьоркьор. Немцазул рахъалдасан кIудияб хIаракатчилъиго букIун гьечIо. Хадуб лъан буго, хасалил цIорой бокьуларел, немцал оборонaлда рукIин. Гьелдасан пайдаги босун, нилъераз бальго хIадурлъи гьабун буго немцазул наступлениялде данде тадбирал гьаризе.

Гьединаб хIалалдаса хадуб байбихьула Сталинградалъе гIоло, тушманасулги нилъерги рахъалдасан цIикIкIун къуватаз гIахьаллъи гьабураб, гIассияб рагъ. Гьеле, гьениб щвана ГIазаевасеги ВатIаналъе гIоло унгоунгояб къагIидаялда, ай дагъистаниязе,кIудияв имам-Шамилил наслабазе хасияб къвакIигун тушманасде данде вагъизе рес.

Гьеб гIассияб рагъда МухIамадтIагьирлъукъула ва ккола госпиталалде. Амма сахлъарабго тIад вуссуна гIолохъанчи жиндирго рагъулаб часталде. Гьесулги буго Сталинградалъул рагъда тушманасул 330 азарго рагъухъан вугеб группировка щущахъ биххизабиялъулъ ва гитлерилаб армиялъул рагъулаб гуч загIип гьабиялъулъ мустахIикъаб бутIа.

Гьелдаса хадуб МухIамадтIагьирги гьесул рагъулаб полкги Берлиналде ишангун цебехун уна. ГIахьаллъи гьабула Украиналъул, Воронежалъул фронтазулъ. ГIагараб ракь эркен гьабиялъулъ гуребги, Европаялъул гIемерал пачалихъал эркен гьариялъулъги гIахьаллъи гьабуна рагъухъан ГIазаевас. Ахиралда нилъер ракьцояв щола Берлиналдеги.

Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьев мустахIикълъула гIемерал медалазегун орденазе. Гьесул каранда кенчIола «Орден славы III степени», медаль «За оборону Сталинграда» ва гь.ц.шапакъатал.

БагIараб Армиялъул нухмалъиялъ ГIазаев витIулев вукIана В.И. Ленинил цIаралда бугеб рагъулаб Академиялде цIализе. Амма рокъоб санагIат гьечIеб хIал букIиналъ, гIолилас рес щвечIо цIализе ине ва I946 соналъ гьев гIагараб Болъихъе тIад вуссана.

Хеккого хIалтIизе лъугьана Чачаназул цо районалда финотделалъул заведующийлъун. Хадув гIемерал соназ вукIана батIи-батIиял жавабиял ишазда.

Кив хIалтIулев вугониги, М.-ТI.ГIазаевас бихьизабулеб букIана рагъулаб лъадариги, ракIбацIцIалъиги ва гIаданлъиги.

Цойги тIаде жубазин. Фронталда вукIадго МухIамадтIагьирица гIемер кагътал хьвалел рукIана районалъул, гIагараб росдал гIадамазухъе, хасго гIолохъабазухъе. Гьес гьел ахIулел рукIана тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло халкъияб магIишаталда рухIалда барахщичIого хIалтIизе, армиялъе кванилал продуктабаздалъунги, гIарац-меседалдалъунги, хинаб ретIелхьиталдалъунги кумек гьабизе.Гьесул ва гьединал цогидазулги мурадал тIуразарулаго Болъихъ районалъул гIадамаз нуснус посылкаби ритIулел рукIана фронталде, рухIалда барахщичIого хIалтIулел рукIана ахакьгун хурзабахь ва боцIухъанлъиялда.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***
**ГIУСМАНИЛ ЛАБАЗАН,**
***МухIамадтIагьирил вацасул вас.***

## ТIОГЬИЛЛЪАРАЛ ТIАНЧАЛ

## СПИСОК

ГIалахъ комсомолалъгин активалъ Красная армиялъе гьабураб кумек хинаб ратIлил.

Рд Списокалда буго 13 чиясул цIар.

МахIач-кала. Обком парт. Яковлеву.

Поступило килограмах картофель 1218,масло9, лук 10 кг. Штуках овец 11, свиней 40, бык 1, яиц 75, деньги 4280 рублей

Работа продолжается.



## СВЕДЕНИЯ

Н\Инхело росдал Красно-Армейцазе, командирзабазе подарка бакIариялъул хIакъалъулъ. 1-й маялъе 43 с.



***(Районалъул архивалдаса)***

# КОЧIОЛ МУХЪАЗДАЛЪУН РАГЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

## КIудияб ВатIанияб рагъ бай-бихьараб I941 соналъ 14 сон барал Шодрода росулъа васазул калам

**Дибир:**-- РагIанищ, Сайпудин, дуда доб хабар
РекIкIав тушман вугин рагъгун вачIунев?
**Сайпудин:**-- Валагьги рагIана дида гьеб Дибир.
Кинан рагIунареб ракьалъул угьи,
Эбелаб ВатIаналъ гьабулеб ахIи,
АхIуде рахъине къачIалел васал.
**Дибир:**-- Чилъи цIехолеб къо тIаде гIунтIанин,
Борчея, Сайпудин, черхалда ярагъ.
**Сайпудин:**-- Васал хIажатаб къо тIаде щун бугин.
Вахъая цо Дибир рагъде къокъине.
**Дибир:**-- Эркенлъи цIунила, ВатIан цIунила,
Тушман чIчIинтIизавун тIаде вуссина.
**Сайпудин:**-- Эбелаб ракь чидар хIатIикь течIого
Дир ракь дир наслабаз тIегьазабила.

## ВатIаналъул бахIарзал

Нуж рагъул ветераналзул, улкаялъул бахIарзал
ВахIшияб зулмуялде данде рагъун бергьарал,
Рейхстагалъул тIохазда бергьенлъиялъул байрахъ,
Балагь нахъе чIванилан, парпадизе гьабурал

Фашизмадул гуллие керен кьун къеркьолаго,
КъапичIо нужер берал, къуркьичIо нужер ракIал,
ХIалуцарал рагъазда хIинкъи-къай нахъе хъамун.
Нуж гьайбатал бахIарзаз рачахъана гIалхулал

Берлиналъул къадазда нужеца хъварал цIараз
ЦIоб гьечIев тушман чIванин лъазабуна ракьалда
Рокьукъав тушманасда хвалилаб ругъунги лъун,
БагIармиялъулаз улка эркен гьабуна

Гьединаллъун нуж рати гIелазе бугеб талихI,
Даимго кIоченаро нужер кIудияб гьунар
Гьелъухъ нужей баркала, бутIрулги гIодор къулун
Гьелъухьго нужее рецц гIасрабаца ссунареб.

**ГI.СУЛТIАНОВ**

## Рагъдасан вуссинчIев солдатасул кечI

Дир анищ букIана гьаб ракьалда тIад
Хирияй гьудулгун гIумру тIамизе
Риидал гIурччинал тIугьдузда сверун
ГьитIинав васги ккун пихъ бакIаризе

Рагъуца квелъги бан дир гIолохъанлъи
Бачана цIадулъан къисас босизе
ГIодуге хирияй, гIодуге эбел
ВатIан цIунизейин васал гьарулел

Дур васги орденал карандаги ран
Даимго хутIила чидар ракьалда
ГIурччинал гьутIбузул рагIдукьги кIусун
Ятила эбел мун добго гамчIида

ТIаса лъугьа, эбел, тIубачIо мурад
ТIегьачIо хиялал, речIана тIанхал
Дир кквераз рекьарал гьутIбузда сверун
ТIубала дир анищ гьитIинав вацас.

***ШАГIБАН ШАГIБАНОВ***

# КъанщIанин рагIана цо хутIараб цIум



Риидалил завал тIаде гIунтIулеб
ТIабигIат тIегьараб ихдалил къоялъ
Къваридаб къисматалъ къвал жинда бараб
Июналъул сагIтал тIаде гIунтIана

Доб къоялъ киналго руссун рукIана
Жидерго ишазде магIишаталде
Цоял бертабазде жал хIадурулел
Цоял лъимер гьабун чура-хулулел

ГIадатияб гIумру гIадатаб росулъ
ГIадамал хирияб гьаб магIаруллъи
МагIу биялдаса жидей хирияв
Бихьиназул тIалъи чIухIараб росу

БитIана духъеги доб къоялъ салам
ГIагараб хирияб эбел-ВатIаналъ
Кинан вугев бице мун дир рагъухъан
Жакъа къо щун бугин тIаде вахъаян

АхIи буго балеб эбел-ВатIаналъ
Дида къо ккун бугин хIалай вахъаян
ГIарза буго щолеб щибаб росулъе
Чу кьолой бихьинал къалде рахъине

Чохьол эбел тана хадуй угьдулей
ГIураб росу тана лъикI букIайилан
Нужей гIумру къезе хIадурлъулареб
РекIее каранда кинго бакI гьечIин

Ярагъгун вачIарав дов гьоболасул
Керен борлъизейин кирщал тIеркIолел
Дир ВатIан квегьизе къасд лъурав тушман
Теларо дур хIетIе гьаб дир ракьалда

Гьединаб нигатгун гьединаб къасдгун
Ана гIолохъанчи рагъул коронив
Каранда кIетIолеб гьитIинаб ракIалъ
КIудиябго къисас гьарулеб бугин

Кодоб ярагъ босун гьав гIолохъанчи
Вуго тушманасде тIаде гьесулев
ГIагарав ВатIанги гIураб росуги
Буго рухIалдаса цебе гьабулеб

Къисас къисасилан рорхулел руго
Щибаб нухалъ кверал тушман гъуризе
Гьаб дир ВатIаналъе эркенлъийилан
Буго щибаб гали цебехун лъолеб

Рагъулаб нух буго гьасул цIадулъан
Бергьенлъиялдехун ишан босулеб
РекIелъ ияхI ГьечIел зулмучагIазе
Къулизе теларин эбелаб ВатIан

Гьединан къеркьана шодродаса вас
КIудияб бергьенлъи тIаде щвезегIан
ЦIадулъан бидулъан ана цевехун
ГIагараб эбел-ракь эркен гьабизе

РекIкIав тушманас мун квегъиларилан
Дуца ВатIаналъе эркенлъи кьуна
Зулму-хIал вахIшилъи хIехьеларилан
Дуца халкъалъего рекъел босана

Гъурана фашистал вуссана тIаде
Дунялго бахилаб эркенлъи босун
ГIумру кьунаниги ватIан кьоларел
БахIарзал васазул къисасги босун

Вуссана,вуссана гIураб росулъе
Каранда кунчIизе медалги гьабун
Гьабураб гьаялъе хилиплъичIого
Къураб доб рагIуе къотIи хвечIого

Гьанже бергьенлъидул рагIдукь кIусизе
Цо мун хутIун вуго гIагараб росулъ
Босараб бергьенлъи кIодо гьабизе
КIудияб бергьенлъи къабул гьабизе

Дудасан букIана тIолабго рохел
Дудасан букIана рекIеда чIухIи
ВатIан тушманасе квекъизе течIев
Багьа гьечIеб гьунар чорхолъ бугев вас

Дол бахIарзабазул чIагояб зани
Беганин абуна дида гIолилалъ
КIочонареб рагъул мисалияв вас
КъанщIанин бицана росуцояца

Дунялалъул рокъоб бахIараб гIумру
Сундуй кьурабилан кьолин суалал
КъуричIого дуца гьабила такрар
ВатIан цIунулаго рагъда анилан

ГIелмуги гIумруги батIа гьабичIев
БатIулабгун тIокIаб тIалаб гьабичIев
ТIадаб налъи тIубан къоял тIамурав
ТIабигIат берцинлъи тIалаб гьабурав

Лъидаго кидаго кIочене гьечIо
БахIарчилъи гIураб хвел гьечIеб гьунар
Дур цIар рехсолаго даим нижеца
Къулула дуй бетIер хассаб чIухIигун

__З.МУХIАМАДОВА__

## КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪАЛЪ 68 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# КЪУРКЬИ ЛЪАЧIЕВ РАГЪУХЪАН



Гьале 68 сон сверана Советияб халкъалъ фашистияб Германиялда тIад КIудияб Бергьенлъи босаралдаса.Щибаб маялъ нилъеца кIудияб пашманлъиялъул асаргун ракIалде щвезарула вахIшиял рагъул соназда нилъер эркенлъиялъе гIоло бахIарчиго рагъарал рагъухъаби. Гьединаздаса цояв ккола жакъа дие бицен гьабизе бокьун бугев ГIадилгерей Сагитовги.

Дун ГIалахъе щвараб заман букIана къадемех.

Какикьжоялда тIад дугIаялда ватана, жиндир гIумрудул сонал ункъойилъа тIаде арав, рагъул ветеран.

АскIоегIанги лъугьун, гьевгун кIалъазе жуядал, гьес ,дида кодоса блокнотги босун, жив гIинда бакIлъун вугила, къваригIараб жо хъван кьейила жиндихъеян гьарана.

Гьединан блокноталда хъван баян гьабуна гьес жинцаго нахъа тараб рагъулаб нух.

-Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо, дир яс,-илан угьун хIухьел биччана ветеранас.

Ва хадурго рекIехъе рикIкIана ЦIадаса ХIамзатил кочIол мухъалги:

**МагIарул халкъалъул бицен букIана,**
**Масала, рагъалъ вас кьоларин абун,**
**Кьалда чIчIел босарал росун балагье**
**Васал гьарулелго гьелъ рукIун руго.**

**Ралъдал чохьониса чабхъад хьвадарав,**
**Чол хIетIе хIадурав ХIажиев киса?**
**ЧчугIбузул бусада сардал рогьарав**
**Морякал куцалев капитан лъил вас?**

**Гьале рагъалъ кьурал кьвararал васал**
**Кьалда лъадарарал лъикIал бахIарзал**
**Гьале Кавказалъул мугIрузул цIумал**
**Месeдил цIва барал цIиял героял.**

-ГIемерал бахIарзал абадиялъего ратIалъана нилъедаса. Амма гьезул цIарал кидаго нилъгун, кидаго халкъазул рекIелъ, щибаб къойилаб захIматалъулъ хутIун руго, метерисеб гвангъараб къоялъулъ хутIизеги ккола-,ян абуна ГIадилгерейица…

Аза-азар гIолохъабиго гIадин, жиндиего бокьун фронталде бидулав тушманасдаса гIагараб ВатIаналъул эркенлъи цIунизе арав гьитIинав гIолохъанчи ГIалахъа ГIадилгерей Сагитов байбихьуда ккола Туапсеялъул рагъулаб училищиялде. Гьеб лъугIизегIанги хутIичIого,ай I942 соналъул августалда витIула цIа боркьараб рагъде.

ГIассияб рагъ ккун буго Туапсеялдаса рикIкIад гьечIеб Индюк мегIералъе гIоло.

-Гьеб букIана рагъул кIудияб кIваралъул мегIер. Немцазухъе гьеб кодобе щвани, Туапсеялдеги Сухумиялдеги тушманасе нух рагьулаан. Амма бахIарчиял нилъер солдатаз ва офицераз квешаб кьаби щвезабуна тушманасде ва гьел церехун риччачIо, -ян ракIалде щвезабуна рагъул ветеранас.

Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло, цогидал рагъухъабиго гIадин, нилъер районцоявги мустахIикълъун вуго ВатIаналъул рагъулаб шапакъаталъе.

ЗахIматаб букIун буго альпинистаздасаги рохьихъабаздасаги гIуцIараб немцазул хассаб «Эдельвейс» абураб къукъаялъулгун рагъ. Гьенибги бергьенлъи босун буго ГIадилгерейги, тумав МухIамад Бутаевги ва цогидал дагъистаниялги гъорлъ рукIараб рагъулаб къукъаялъ.

Амма гьенив квешго лъукъарав ГIадилгерей ккола рагъулаб госпиталалде. 1943 соналъ, сахлъиялда бан, рукъове тIад вуссине ккола.

Чорхол сахлъи гьечIониги, I944 соналъул июлалде щвезегIан хIалтIула райвоенкоматалъул кIиабилеб отделалъул начальниклъун. Гьелдаса хадув вукIана батIи-батIиял нухмалъиялъулал ишазда. ХIалтIана, гьединго, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул отделалда, судалда, гIагараб росдал бухьеналъул отделалда.

Кив хIалтIизе кканиги, ГI. Сагитовас жиндаго тIадал ишал тIуразарулаан ракIбацIцIадго ва кIудияб жавабчилъиялда.

ГIадамазда гъорлъ восарав, берцинаб гIамал-хасияталъул чи вукIиналъги батила, гьесул лъикIаб къадру-къимат букIунаан коллективазда.

Ветеранасулгун букIараб гарачIвариялдаса бичIчIулеб букIана гьев рази вукIин нилъер районалъул хIакимзабаздаса, гьез район цетIезабиялъе, халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе гьарулел тадбираздаса.

Ахиралда ГIадилгерейица гьарана батIаго урхъараб салам бицейила жиндир гьудулзаби - районалъул бетIер М. ПатхIулаевасда, М-Н. ГIумаровасда, Л-ХI. Балдугъовасда ва Ж. Завурбеговасда. Жинца гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулила рагъул ветераназул гьабулеб бугеб кIудияб тIалабагьазалъухъ.



*ПатIимат ДИБИРОВА*

## КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪЕ ГIОЛО КЪАСИГИ КЪАДГИ ХIАЛТIАНА



ГIалиханова Ашрапил Ибрагьимовна гьаюна 1916 соналъ ГIашали росулъ векьарухъанасул хъизаналда. Гьелъул хIалтIулаб нух байбихьана 1936 соналъ гIагараб росдал колхозалда. 1940 соналъ кIвахI гьечIей, цеетIурай хIалтIухъан хIисабалда гьей йосана ВКП (б)-ялъул членлъун.

Ашрапилил рос Вагьабов СагIид КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал, жиндиего бокьун ана фронталде, лъадуда божун кIиго гьитIинаб лъимерги тун. СагIидго гIадин росдал цогидалги бихьиналги рагъде ун , росулъ хутIана херал чагIиги, лъималги, руччабиги ва гьез гьаризе ккана киналго колхозалъул хIалтIабиги, росулъ гIадлу-низамги.

Гьединаб захIматаб заманалда партиялъул райкомалъ ГIалихановалда тIадкъана бакIалъулаб парторганизациялъул секретарьлъи. Гьей хIалтIизе ккана къасиги къадги.

Доб заманалда чачаназул рохьазда рукIана, рагъде инчIого рахчун чIарал, хъачагъазул къокъаби. Гьез талавур гьабулеб букIана колхозазул буголъи, росабалъа бикъулаан гIибоцIи. Цо къоялъ Ашрапилихъе божизе бегьулев чиясул хабар бачIана хъачагъазул къасд бугила къаси сардилъ ГIашали росдал колхозалъул гIи бикъизе. Гьеб гIиял рехъен хъачагъазухъа хвасар гьабизе Ашрапилица росулъ хутIарал гIисинал гIолилазул къокъа гIуцIана ва къадго гьелгун цадахъ жийгоги ана магIарде. Дунял рокIкIарабго, цадахъ гIухьбигун, балеб цIадукь гьез рехъен щвезабуна Муни, ГIортIаколо росабиги тун ЗиркъотIа абулеб, хIинкъи гьечIеб бакIалде. Жакъа захIмат буго гьеб гьунаралда божизе, амма Ашрапилицаги росдал гIолилазги кIвахI тун, сахлъиялда барахщичIого хвасар гьабуна халкъалъул буголъи.

Ашрапилица жиндирго гIуцIалилаб махщел бихьизабуна росульги районалдаги оборонаялъулал хIалтIаби гьарулагоги, Бабаюрт районалда противотанковый канал бухъулагоги.

Дол рагъул соназ кинабго советхалкъалъ кумек гьабулеб букIана фронталъе. Ашрапилицаги ГIашали росулъ гIуцIана буртаби, квасул щватаби, квертIахелал гьарулеб къагIида, бакIарана гIарац, пахьул ва гIарцул тIагIелал. Гьеб кинабго битIана фронталде.

Ашрапилил жавабчилъиялда букIана гIи-боцIул продукция ва тIощел гIезабиялъул рахъалъ пачалихъалъ тIад лъураб план. Гьеб планги гIашалдерица цIикIкIунги тIубазабулаан.

1946 соналъ ГIашали росдал колхозалъе щвана Республикаялъул хьвадулеб Байрахъ. Гьелъульги букIана Ашрапилил цо къадаралъулаб хIалтIи.

Гьединго, Ашрапилил бербалагьиялда гъоркь букIана рагъда россал чIван хутIаралги рагъда россал ругелги руччабазе гIумрудул шартIал чIезариялъул суалги.

КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда кIвахI тун гьабураб жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIухъ Ашрапил мустахIикълъана шапакъатазе: «За трудовое отличие», «За оборону Кавказа», «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг», «За долголетний, добросовестный труд» медалазе ва ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул Грамотаялъе.

*(Районалъул архивалдаса босараб)*





# НИЖЕР АНКЕТА

## НИЖ-БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ИРСИЛАЛ!

**КIудияб ВатIанияб рагъда гьайбатаб Бергьенлъи босаралдаса исана тIубана 68 сон. ТIолабго халкъалъ иргадулаб нухалъги кIодо гьабулеб буго нилъер талихIаб букIинеселъе гIоло бахIарчиял рагъухъабаз гIетIги биги тIураб, рохелги магIуги цоцалъ жубараб байрамалъул къо -9 Май. Каву гьеб байрамалъеги ричIун, нижеца цо чанго суал кьуна цIалдохъабазе.**

1. ***КIудияб ВатIанияб рагъда босараб Бергьенлъиялъ дуе кинаб асар гьабулеб?***
2. ***ЦIарал ккун чIаго ругел рагъул ветераназ рехсезе к1олищ?***
3. ***Щиб абизе бокьилаан Бергьенлъиялъе гIоло хварал ва чIагоял ветераназул рахъалъ?***



1. РекIелъе лъугьунеб асар кIиго рагIудалъун загьир гьабун бажаруларо. Нилъее, нилъер талихIаб букIинеселъе гIоло кигIан гIакъуба-кварилъи бихьараб, кигIан гIазаб бачараб советиял рагъухъабаз.Чан аза-азар гIолилаз гIумру къураб «ВатIаналъе гIоло» абураб ахIиялда гьоркь. Эмен, вац, вас, рос чIванилан чIегIеркагъат бачIинчIеб рукъ къанагIат хутIун батила.

2. ЧIаго ругездасан вохун ва кIудияб разилъигун кIола цIарал рехсезе. Амма нилъгун гьечIел Темирхан Темирханов, ХIабиб Валиев гIадал ва цогидалги ветераназе даимго бетIерги къулула.

3. ТIоцебе бокьун буго рагIа-ракьан гьечIеб баркала кьезе. Кидаго кIоченаро гьез гьабураб гьунар ва рикIун тела, кIудияб адаб-хIурматгун, гьезул цIарал рекIелъ.

***Соломанов МухIамад, ГIанди №2 гьоркьохьеб школа,11 «а» класс.***



1. КIудияб ВатIанияб рагъда советияб халкъалъ босараб Бергьенлъи ракIалде щведал, гьелъул хIисаб гьабидал, дир ракI чIухIиги, пашманлъиги бессараб асаралъулъ лъедолеб букIуна. Гьеб байрам буго хIакъикъаталдаги магIуги, рохелги жубараб.

2. ГIусманов ГIизудин, Сагитов ГIадилгерей ва хваразул щивго кIочIон гьечIо, щибго кIочон гьечIо.

3. Щибаб талихIаб къо, щибаб дир рохел.
Лъала дур гьунаралъ кунчIараб букIин.
Даим наку чIвала, баркала кьола
ГIумрудуй эркенлъи нижей кьуралъухъ.

***Ибрагьимова Аминат, ГIанди №2 гьоркьохьеб школа, 11 «а» класс.***



1. РекIелъе бачIунеб чIухIи загьир гьабун, бокьилаан гьезул щивасул квер бачизе ва баркала кьезе.

2. ТIолго чIаго ругел ветераназул цIарал дида лъаларо, лъалезул бицина: Кьохъа ПатахI, Кьохъа ГьитIинамухIамад.

3. Гьанжеги такрар гьабун баркала кьезе бокьила ва гьаризе халатаб гIумругун щулияб сахлъи.

***ХIажиев АхIмад, БСШ№2***



1. Цее, дунго гьитIинаб мехалда, ИчIабилеб маялъул къо кидадай бачIинин йикIунаан -аслияб майданалда тIобитIулеб байрам бихьизе гIоло. Гьанже, гIакълу-лъай бачIиндал ва байрам тIобитIиялъе гIилла лъайдал, цIакъго гьираялда, цо батIияб урхъигун къокъуна дун райцентралъул майданалде. РакI бохула, чIухIизе бачIуна нилъее чIегIерал къоял хъахIлъизарурал къей гьечIел бахIарзаздасан.

2. КIола: Кьохъа кIиго ветеран -ПатахI, ГьитIинамухIамад, ГIизудин, ГIадилгерей.

3. ЧIаго ругел ветераназе бокьилаан хIукуматалъ кинабго рахъалъан кумек гьабизе, гьел хIалхьиялда, берцинго тезе, гьезие рукъзал, лъикIаб пенсия кьезе, гьезул адаб гьабизе. Гьединго, бокьилаан гьел школалде ахIизе, гьезулгун дандчIваял тIоритIизе. Ветераназда гьел нижеда кIочон гьечIолъи, ниж гьездаса чIухIун ругеблъи бицине.

Жеги бокьилаан хваразе памятникал разе, праздниказ гьел ракIалда цIвезаризе, гьезул хабалазда тIугьдул лъезе.

Щибаб къоялъ нижее бокьилаан абизе ракI-ракIалъулаб баркалаян.

***ГIалимухIамадова Хадижат, БСШ №2***



1. КIудияца бицун нижеда лъала лъабкъогоялдасаги цIикIкун Совет Союзалъул БахIарчи Дагъистаналдаса вахъараблъи. Гьезул хIакъалъулъ хъварал асарал цIалулаго, масала, Фазу ГIалиевалъул «Кини», Асадула МухIамаевасул «МагIарулай» ниж чIухIула, рохула нилъерго умумузул бахIарчилъиялдаса.

2.ГIемерисал абадияб сапаралде ун, нилъгунг IицIго анкьго ветеран гурони хутIун гьечIелъул,пашманго рикIкIина гьезул цIарал: Кьохъа ПатахIгун ГьитIинамухIамад, ГIалахъа ГIадилгерей, Зибирхъалиса ГIизудин, РикIваниса Батыр, Инхелоса Багьавудин ва Гъагъалъа ГIалибег.

3. Жидейго къварилъи бихьун, нижей талихI кьуралъухъ ракI-ракIалъулаб кIудияб баркала кьола нижеца, гIолилаб гIелалъ.

***Маликова Равзат, БСШ№2***

**БитIун бицани, цIалдохъабазе суалал кьолаго, рекIелъ хIинкъи букIана цосина гьезда КIудияб ВатIанияб рагъулги, гьелъул гьайбатал бахIарзазулги, бищунго гвангъараб байрам-9 маялъулги щибго жо лъачIого букIинадайин. Амма гьез рохизаруна-кIочон гьечIоан гIолилазда ВатIаналъе гIоло гIумру кьуралги,кьалдаса бергьенлъигун тIад руссаралги ракьцоял. Ахиралда бокьун буго районалъул тIолалго гIадамазул, кинабго гIолохъанлъиялъул рахьалдасан кIудияб баркала загьир гьабизе бахIарчиял ветераназе, нилъер ссвин гьечIел цIвабзазе.**

**68 соналъ гвангъана нуж гIун бачIунеб гIелалъе,бихьизабуна гьезие лъикIаб мисал. Божарал руго жеги анцI-анцI сонazги гIумру гьабиялъул гвангъараб мисалльун хутIилин нуж гьезие.**

***Байжат СУЛТIАНОВА***